
# Njàngale ci yar jën ak céeb



Stanford | DOERR SCHOOL OF SUSTAINABILITY Sustainability Accelerator

**Dugalug jën yi ci mbay mi céeb dafay joxe xeetu mbay mi gëna am doole ci wàllu mbay mi (LEISA) muy gëna baaxal liggéey bi ak wérgi-yaramu doomi aadama yi. Jën yuñ boole bay ci tool yi fi nekk mën na yokk xaalis biy dugg ci at mi ndax góob jën yi, gëna am doole suuf si ci dundal jën yi, ba noppi wàññi limu mbonaat yiy joxe schistosomiasis/bilharzia. Pexem ekolosi bu yomb bi dafay yokk ñam wu baax, ba noppi di jàppale askan wi di gëna yokk —di indi njariñ ci wàllu wérgi-yaram, environmaa bi ak koom gi ci jamono jooju.**


Giulio de Leo ak Kayla Kauffman

Xel ak art bi Casey Greene defar






© 2026 Daara bu kawe bu Stanford




Soo amee laaj ci jëfandikoo mbir yii, jokkool ak kmkaffm@stanford.edu




Yelleef yépp ñu ngi ko moom. Amul benn wàll ci téere bii buñu mëna soppi ci anam wumu mëna doon, wala ci anam wu mekanik wala elektronik, lu ci melni sistemu dencukaay ak seetlu xibaar, fileek àndadoo yi nangu wuñu ko ci bind



Stanford Center for Human and Planetary Health · STANFORD CENTER FOR INNOVATION IN GLOBAL HEALTH · SIA · CRDES · GSA GLOBAL SCHISTOSOMIASIS ALLIANCE · NSF · AfricaRice


## Tool céebi... ak jën?




## Lu tax ngay yokk jën?





4
5
Dama feebar ba mënu ma liggéey!
Parasit bi dafay dugg ci der bi su baykat yi laalee ndox mu tilim





Su tàngee lool, jën wi du mucc. Ndox mu bari mooy temps yu gëna sedd!



Fosoŋ yi dañuy aar jën yi ci rëbbkat yi!
Naka ngay def ba jën yi des ci tool bi?
Loolu mooy ñaareelu jéego bi! Sooy gas tool bi danga wara def ay tuyo.
2
Tuyo yi dañu leen wara takk mbaal ci cet lu nekk, mu nekk lu baax ba jën wu ndaw mënu ci jaar.
Dañu wara def benn tuyo ci buntu kanaal bu mag biy dundal tool céeb bi yépp. Beneen bi dañu ko wara def ci diggante fosoŋu refuge bi ak kanaal bi ko wër. Ñoom ñaar ñépp dañu wara may ndox mi mu dugg ak genn, waaye du jën yi, suko defee ndox mi nekk ci anam wu baax.
2
2
3
Ndax mën naa ci yokk jën?
Bul fàtte céeb gi!
3





** Xoolal glossaire bi ci xët 11 ngir scanner kodu QR ngir am ci yeneen leeral



Noo ngi lay digal nga am 0.2 jën ci m2 bu nekk
5,000 m2
(0.5 ha)
1,000
20,000 m2
(2ha)
4,000
Jëréjëf!
Dina nu ñëw jële leen su seeni tool noppee!
Leegi nak?
Leegi nu xaar!
1 2 3 4 5 6



Neex na! Kon dinaa dellusi ngir góob!
Xaar! Ba leegi danga wara bàyyi xel ci jën yi ñuy màgg!
Lan nga bëgg?
Danga wara fexe jën wi nekk ci jàmm ba keroog ñuy góob.
Bul jaaxle, dinaa la wan ni ñu koy defee!
Tàngooru ndox mi ak xóotaayu ndox mi ñoo wara njëkka xool sudee sa jën tàmbali feebar (lu melni sudee dañuy wàññi yëngu wala duñu lekk.)
1
$\sim \frac{1}{2} - 1$ m
2
Beneen test buñuy woowe test pH, dafay jàppale ndox mi mu xam ndax tàngoor wi ak xóotaayu ndox mi dañu baax.
Cl
$NO_3$
$NO_2$
pH
NaCl
$NH_3$-N
Baax na! Dinaa la wax linga mëna def ngir saafara jafe-jafe bi.
Mën nga woo ñiy yar jën yi nga wax leen melo bi nga jëlee ci natt bu nekk ci sa këyit pH. War nañu la mëna wax ni ngay defaree kalite ndox mi su amee luy lore ci jën wi!


Rice bi dafa melni lu ñor. Leegi nak?
Jamonoy góob la!
Mooy barab bi tuyo yi di am njariñ. Jën yi am nañu fu ñuy dem sunuy dindi ndox ci tool bi!
1
2
Nanu tàmbali napp!
Dina nu jàpp jën wi ak mbaal mi, nu diri ko ci biir ndox mi
Leegi yékkati!
Diiru liggéey!
Tegal jën wi ci biir récipient bu ànd ak ndox mi bawoo ci kanaalu refuge bi.
Reservoir bi dafay tëye jën yi ba nga xam loo bëgga defal jën yi!
Baax na!



Jërejëff ci sa góob bu njëkk!
Waaye leegi lan laa leen di defal?
Laaj bu baax!
Am nga ñaari mbir yoo mëna def soo leen bëggee jaay, loolu a ngi aju ci ni ngay gaawe yóbbu leen ci marse bi!
1
Mën nga leen togg sa bopp ngir lekk sa waa kër
2
Mën nga leen xorom itam nga weer leen!
XOROM
Jën yu waw yi dañu leen wara denc lu yàgg sudee bëggoo leen jaay ci saasi
3
Mën nga leen jaay ñu fere itam!
Fexeel yóbbu leen ci saa si nga jaay leen, nga denc leen fu sedd, lëndëm ginaaw boo leen génnee ci ndox mi,
Mujj gi!

**Njàngale mu boole mbay mi jën ak céeb, jëfandikoo pexem mbay miy yàgg te baax ci dexu Senegal**





Ki la indil mooy: Centre bu Stanford ngir Wérgi-yaramu Nit ak Planet





